

SEJARAH LAN SILSILAH
KIAI AGENG MOHAMMAD BESARI
TEGALSARI JETIS
PONOROGO

WAFAT TAHUN 1747

10
P
E
B
R
U
A
R
I

1968

12
D
U
L
K
A
I
D
A
H

1387



KAWEDALAKEN DENING
PANITIYA CHAOL BANU K. A. MOHAMMAD BESARI
TEGALSARI JETIS
PONOROGO

Dilarang mengutip

Awit asma dalem Gusti Allah ingkang Maha Mirah lan Maha Majih. Sadaya puja lan puji kunjuk wonten ngarsaning ingkang ngratnih sadaya alam. Selawat lan salam dateng K.N. Mohammad, semanten ugi dumaten para keluarga lan sahabatipun.

Para maos ingkang minulya !

Sampun dangu penghimpun anggenipun ngluruh lan nalusur sejarah lan solo-si;ahipun swargi Eyang Kiai Ageng Mohammad Besari, Tegalsari Ponorogo. Katah pinisepuh ingkang paring keterangan, nanging satunggal lan satunggalipun dereng wonten kacocokanipun, sahingga penghompon tasih amerlokaken panaliti ingkang lebet.

Alhamdulillah, Kiai R.Purnomo Tegalsari maringi buku cacetan sejarah lan solo-silahipun swargi Eyang Ageng Mohammad Besari kanti jangkep; najan isinipun taksih kawastanan prasaja. Buku catetan kasebut turunan saking catetanipun swargi Bapak Kiai R.Bajuri Tegalsari, kanti kaserat huruf arab, lajeng katurun kanti huruf latin dening Bapak Moch. Badar, Pengulu Muda K.U.A. Daerah tingkat II, Ponorogo, kanti maksud anggampilaken maosan lan pangertosan dateng para Banu Kiai Ageng Mohammad Besari khususipun lan para maos umumipun.

Saking adrenging manah, buku cacetan kasebut kula turun kanti percobahan sakedik-sakedik adedasar keterangan-keterangan ingkang katampi saking para pinisepuh wau.

Penghimpun sumadiya nyempurnakaken buku kasebut kanti panuwun dateng para pinisepuhkersoho maringi keterangan-keterangan lan bahan-bahan ingkang perlu.

Buku sejarah lan solo silah punika sampun kenging kangge ular-ular pengertosan wontenipun sejarah lan solo silahipun Eyang Kiai Ageng Mohammad Besari lan sageada kangge pengetan putra wayah ing benjingipun lan kapendet manfa'atipun kanti ka-amalaken ingkang samestinipun.

A N I N .

Akhiripun panghimpun nyuwun kanti sanget mbokbilih wonten kirang-ipun sejarah lan solo silah punika , para maos kersaha paring sih pangapunten.

Wassalam
Panghimpun,

(R. Mohammad Azhar)

MAULANA MALIK IBRAHIM

Maulana Malik Ibrohim punika putranipun Syeh Jumadil Qubra. Syeh Jumadil Qubra putranipun R. Imam Jaffar Shodiq. R. Imam Jaffar Shodiq putranipun R. Ali Dhakir dumugi K.N. Mohammad sampun 11 turunan.

Nalika tahun M. 1300 Maulana Malik Ibrohi, nyiaraken agami Islam ing nagari Cempa. Dangu2 Maulana Malik Ibrohim krama pikantuk putri Cempa putra putrinipun sang Ratu asma Dewi Candra Wulan. Boten antawis dangu, Dewi Candra Wulan lajeng anggarbini, miyos kakung dipun paringi asma R. Rachmad ing akhiripun jumeneng Sunan Ngampel Denta ing Surabaya.

Sunan Ngampel peputra R. Satmata inggih ingkang asma Kyai Ngarobi.

R. Satmata peputra Ny. Anom Besari ingkang sumare wonten Kuycen, Caruban, Madiun.

Ny. Anom Besari Kunoen peputra 3 (tiga):

1. Kiai Khotib Anom, sumare wonten ing Kalangbret, dusun Srigading, Tulungagung.
2. Kiai Mohammad Besari, sumare wonten ing Tegalsari, Jetis, Ponorogo.
3. Kiai Nur Sodiq, sumare wonten ing Tagalsari, Jetis, Ponorogo lan nurunaken Kiai Mukmin sumare ing dusun Nglawu, Mlarak, Ponorogo,

SANG PRABU ING CEMPA

Sang Prabu ing Cempa punika asmanipun Prabu Kuntara.

Sang Nata kagungan putra 3 (tiga):

1. Dewi Murdaning Rum.
2. Dewi Candra Wulan.
3. R. Cingkara.

Dewi Murdaning Rum dipun pundut garwa dening Sang Prabu Kertorejasa, Majapahit.

Dewi Candra Wulan dipun garwa dening Syeh Maulana Malik Ibrohim, lajeng peputra R. Rachmad (Sunan Ngampel Denta).

Sang Prabu Kertorejasa garwanipun Dewi Murdaning Rum peputra R. Patah, Sultan Bintara Demak. Dados R. Patah, Sultan Bintara kalian R. Rachmad Sunan Ngampel punika kaleres nak-saderek.

Maulana Malik Ibrohim kagungan saderek jaler asma Maulana Iskak.

Riwayatipun Maulana Iskak

Maulana Iskak dedunung ing nagari Pasik perlu nyiaraken agami Islam. Satugiling wekdal panjenenganipun kagungan krenteg bade anuweni anak keponakanipun ingkang wonten Gresik, inggih punika R. Rachmad, Sunan Ngampel. Kaping kalihipun bade mencaraken agami Islam ing daerah Gresik.

Gancaring carios Maulana Iskak lajeng bidal nitih baitanipun tiang

dagang. Sadumuginipun ing Ngampel Surabaya let watawis tigang wulan dangunipun, panggalihipun kirang marem lajeng kesah ngidul ngetan muju dateng negari Blambangan, Banyuwangi.

Sareng dumugi kita Blambangan kalerewan ing wekdal punika putra-nipun Ratu Blambangan ingkang putri asma Dewi Sekar Dadu nandang gerah sanget. Dipun padosaken husada dateng pundi2 boten saged waluya, malah mindak dinten saya sanget gerahipun. Sang Ratu sanget sakelangkung sengkel ing panggalih ngraosaken gerahing ingkang putra putri.

Wasana lajeng ngedalaken sayembara makaten: "Sapa-sapa sing bisa ngusadani maluyakake gerahe si Nini Putri iki, manawa lanang bakal tak pundut mantuyen wadon bakal takpundut dadi putraku wadon".

Sayembaranipun Sang Ratu waradin sanagari nanging boten wonten ingkang wantun nglebeti kajawi namung Maulana Iskak ingkang wantun nglebeti sayembara lan terus sowan ing ngarsanipun Sang Ratu kanti Matur:

"Duh Ingkang Sinuhun, dalem Maulana Iskak ingkang sowan wonten ngarsa dalem. Menawi dalem keparengaken, dalem bade nglebeti sayembara panjenengandalem".

Sanalika punika Ingkang Sinuhun nampi aturipun Maulana Iskak terus dipun dawghi ngusadani ingkang putra putri. Enggaling carios, kalamahan sasampunipun Sang Putri dipun usadani sakala punika gerahipun lajeng waluya jati, kados wingi uni. Enggaling carios Maulana Iskak sampun dipun daupaken kalian putrinipun Sang Ratu Blambangan.

Salebetipun Maulana Iskak wonten ing nagari Blambangan lajeng nyiaraken agami Islam meh ngantos sedaya rakyat ing Blambangan ngrasuk agami Islam. Maulana Iskak dereng saged marem panggalihipun menawi Sang Ratu dereng ngrasuk agami Islam, awit namung Sang Ratu piyambak ingkang dereng purun nglebeti agami Islam. Maulana Iskak lajeng sowan ing ngarsanipun Ingkang Sinuhun, ngaturi supados Ingkang Sinuhun kersa manjing Islam. Ananging Ingkang Sinuhun boten kersa, malah nandang duka lajeng Islam. Ananging Ingkang Sinuhun bilik bayi, sakala pu niha Maulana Iskak lajeng lolos mlajeng terus dateng Ngampel Denta, Surabaya.

Kacarios sapungkiringipun Maulana Iskak lolos saking negari Blambangan, negari ngriku katrajang GORO-GORO ingkang angegirisi, pageblug ageng, tiang sakit enjing sonten pejah, sakit sonten enjingipun pejah.

Sang Prabu sanget daruna ing panggalih, kagungan penggalih bilih wontenipun goro-goro punika saking wontenipun bayi ingkang taksih wonten kandunganipun Dewi Sekar Dadu watawis 6 (enem) wulan umuripun.

Sang Prabu lajeng kawiyos pandikanipun bilih bayi menawi sampur lahir bade kabucal dateng seganten.

Kalamahan bayi lahir lajeng kalebetaken kotak, dipun paku rapet kacemplungaken seganten. Peti anut lampahing ombak saganten, dangu-dangu dumugi ing pesisir ing Gresik. Ing ngriku lajeng dipun panggih satunggaling waranda nami B. Ratiyah. Sareng peti kabikak sanget kaget-

pun dene isinipun jebul jabang bayi.

Salajengipun bayi kapundut, kapupu dipun namekaken R. Paku.

Sareng sampun dewasa jumeneng Sunan Giri, jejuluk R. Paku. Dados Sunan Giri lan Sunan Ngampel taksih kaleres saderek nakderek.

Sejarah riwayatipun Prabu Brawijaya ingkang nurunaken dateng TEGALSARI PONOROGO

Sang Prabu Brawijaya peputra Pangeran Demang.

Pangeran Demang peputra R. Demang ingkang sumare ing Balai Ngadi-luwih Kediri.

R. Demang peputra Kiai Ageng Ngabdul Mursad, Tukun Kediri
Kiai Ageng Ngabdul Mursad peputra Kiai Ageng Besari, ingkang sumare
ing Kuncen Caruban, Madiun.

Kiai Anom Besari Kuncen peputra 3 (tiga):

1. Kiai Khotib Anom ingkang sumare wonten ing dusun Srigading Kalangbret, Tulungagung.
2. Kiai Mohammad Besari Tegalsari Ponorogo.
3. Kiai Nur Shodiq Tegalsari.
Kekalihipun sumare wonten ing Tegalsari.

Kiai Ageng Mohammad Besari peputra 9 (sanga):

- | | |
|---------------------|--|
| 1. Ny. Abdulrachman | 5. Ki Iskak Ceper. |
| 2. Ki Yakup. | 6. Ki Khalifah. |
| 3. Ki Ismail. | 7. Ki Ilyas. |
| 4. Ny Bukhori. | 8. Ny Mohammad bin Umar, Banjarsari. |
| | 9. Ki Zainal Abidin, Raja Selangor Malaya. |

Kiai Nur Shodiq peputra 6 (enem):

- | | |
|------------------|-----------------|
| 1. Ny. Irsad. | 4. Ki. Mukmin. |
| 2. Ny. Zakaria. | 5. Ki. Mukarah. |
| 3. Ny. Suratman. | 6. Ki. Idris. |

Riwayatipun Kiai Mohammad Besari dateng ing Tegalsari
Ponorogo tahun 1700.

Kaleres sakidul-wetanipun kita Ponorogo watawis 12 km tebihipun,
wonten satunggaling dusun ingkang dipun panggeni Kiai ingkang alim,
berbudi bawa leksana, asih ing sasami-sami, remen tetulung dateng
sintena ingkang nandang papa, bebasan suka payung dateng sok sintena
ingkang kapanasan, su'a teken dateng tiang ingkang kalunyon, suka

obor dateng tiang ingkang kapetengan, dasar katah santri lan mu-
ridipun ngantos kasuwur ing sakiwa tengenipun malah-malah ugi kapi-
reng saking sanes daerah.

Dene Kiai wau asmanipun Danapura saking tedak turunipun Sunan Tem-
bayat. Kiai Donopura saderekipun Pangeran Semendo, saking Tembayat
ugi.

Sareng Kiai Ageng Mohammad Besari mireng wonten tiang alim tur
berbudi bawa leksana, lajeng matur dateng rama lan ibunipun makaten:
"Duh, rama lan ibu, mbok inggih kula dipun parengaken saha dipun pa-
ringi pengestu ngupados ilmu dateng Pondok Setono, Jetis Ponorogo".
Wangsulanipun ingkang rama: "O, Angger anak lanang, menawa koe go-
lek ilmu menyang Pondok Setono Jetis, aku banget jumurungake lan
mbiyantu sing dadi niatmu ik. Mula kowe enggal budala lan adimu
Nur Shodiq ajaken pisan".

Lare kalih lajeng bidal sesarengan, nuju dateng Setono Jetis,
Ponorogo, dalemipun Kiai Donopura.

Mohammad Besari lan Nur Shodiq dipun parengaken mondok ing Setono.
Antawis 3 utawi 4 tahun sampun dados tiang ingkang alim mumpuni da-
teng sedaya ilmu agami Islam. Saya dangu saya kinasihan dening Kiai
Donopura jalaran saking landepipun pikiranipun lan mbangun miturut
punapa dawuhing gurunipun.

Salajengipun Mohammad Besari kepingin anjajah daerah Ponorogo kanti
dipun derekaken rayinipun Nur Shodiq.

Lampahing Mohammad Besari lan rayinipun saking Setono mengidul,
sareng dumugi dusun ing Ngasinan, ingkang rayi Nur Shodiq kraos. nge-
lak, lajeng matur dateng kakangipun mekaten: "Kakangmas, kula kraos
ngelak sanget, kula nyuwun ngombe".

Sareng Mohammad Besari mireng aturipuningkang rayi rumaos welas sa-
nget, jalaran wekdal punika taksih awis wontenipun sumur lan belik,
pados toya kangge ngombe ngrekaos sanget. Kaleresan ing dusun ngriku
wonten satunggiling Kiai asmanipun Nur Salim.

Kiai Nur Salim turunipun Kiai Dugel Kesambi ing Nglumpang, Slaung
Ponorogo.

Mohammad Besari lajeng sowan lan matur mekaten: "Nuwun sewu Kiai,
mbok wonten danganing penggalih lan kapareng kula nyuwun degan kela-
pa ingkang wonten sacelakipun margi punika, toyanipun bade kula om-
bekaken adik kula, awit piyambakipun kraos ngelak sanget".

Kiai Nur Salim sareng mireng panyuwunipun Mohammad Besari atur
wangsanipun kalian gumujeng lan dawuh makaten:

" Iya, Gus epeka sakarepmu".

Mireng pangandikanipun Kiai, sanget bingah lan mareming manah
ipun, lare tanpa saranta degan dipun awe, sakala punika dawah sak-
janjangipun.

Sareng Kiai Nur Salimpirsa kawontenan wau lajeng ngandika: "Lo, lo, bocah bagus, yen epek degan aja ngono. Jajal mreneua takwarahi". Kiai Nur Salim lajeng nyelaki wit kelapa. Wit kelapa dipun telungaken ing siti kalian ngendika makaten: "Wis, cah bagus, kowe miliha endi sing kok senengi. Dadi yen ngene kelapane ora rusak".

Mohammad Besari sumerep kadibyaning Kiai ing mbatos sanget ngungnipun, lajeng mendet deganipun dipun parungaken rayinipun terus dipun ombe toyanipun.

Sakbibaripun, Kiai Nur Salim lajeng ndangu makaten: "Kowe bocah saka ngendi lan sapa jenengmu?".

Aturipun Mohammad Besari: "Kula muridipun Kiai Donopura, asal kula saking dusun Kuncen Caruban; Dene nami kula Mohammad Besari, adik kula Nur Shodiq".

Lare kekalih lajeng dipun ajak lenggahan wonten griya perlu o-nong-omongan. Akhiripun Mohammad Besari lajeng dipun mundut mantu dening Kiai Nur Salim. Sanget mateping penggalihipun Kiai Nur Salim anggenipun mundut mantu Mohammad Besari, lajeng dusun ngriku dipun namekaken dusun Mantub, inggih punika saking tembung mantep. Salajengipun Kiai Nur Salim kasebat Kiai Ageng Mantub. Mohammad Besari lajeng kadaupaken kalian putranipun mbajeng estri, terus kaboyong dateng Setono.

Mohammad Besari babad tanah wonten dusun Tegalsari.

Sasampunipun Mohammad Besari kromo angsal putranipun Kiai Ageng Mantub, kekalihipun inggah punika Mohammad Besari lan garwanipun terus sami nyuwita dateng Nyai Ageng Donopura Setono.

Antawis 1 tahun, Kiai Ageng Donopura lajeng ngendika makaten: "Mohammad, saiki kowe lan nyaimu pada bebeta ana wetan kali. Kuwi tegal Tegalasri. Dene takjenengake Tegalasri awit tegalan kuwi asri banget".

Salajengipun Mohammad Besari sekalian sami bakal wonten papan ingkang dipun ngandikakaken Kiai Ageng Donopura wau. Dangu-dangu papan Tegalasri wau dening Mohammad Besari dipun namekaken Tegalsari; Saya dangu muridipun saya katah tur dados papan pesantren ingkang ageng sanget. Sareng Kiai Donopura seda, pulungipun pindah dateng Tegalsari, nganotos sakljengipun.

Bagus Harun (Basyariyah) nyuwita dateng
Kiai Ageng Tegalsari

Kacarios Kiai Ageng Petungku Sumoroto kagungan putra kakung nami Ba-gus Harun (Basyariyah) dipun pondokaken dening ramanipun dateng te-galsari perlu nyuwita ngiras sinahu ilmu agami Islam.

Bagus Harun wonten Tegalsari anggenipun nyuwita tunduk sangat dateng gurunipun lan manut miturut dateng sadaya dawuhipun. Menawi Kiai Ageng bade dahar, ingkang nata daharan lan ngladosaken sarta nengga ngantos sakrampongipun. Semanten ugi menawi siram, inggin Ba-gus Harun ingkang nimbaikan.

Kedadosan punika ing tahun ± 1727 - 1749.

Sinuhun Kartasura II (Sinuhun Kumbul) kepanggih Kiai Ageng Te-galsari tahun 1730 - 1747.

Nalika Bagus Harun mondok wonten Tegalsari, ing satunggalin weddal Tanah Jawi wonten gejer ingkang anggegirisi, inggin punika daten-ipun brandal Cina bade ngraman dateng kraton Kartasura. Ngantos Ingkang Sinuhun jengkar saking kraton, lolos ngungsi mangetan kaderakan dening Tumenggung Wiratirta; Tindakipun ngantos kalunta-lunta dmugi dusun Sawo Tegalsari (Adipati Anom th. 1740).

Saking sayah lan lesunipun, priagung kekalih wau sami kendel lenggahan wonten sukunipun redi Bubuk. Lenggah wonten sela ageng. Ngantos samangke sela ingkang kagem lenggahan taksih wonten lan karimat sae dipun betek. Dunungipun sela wau wonten sakeler kilenipun peken/pasar Sawo. Tindakipun priagung kekalih wau bade katerusaken tindak mangetan boten tantu jalanan sampun minggah redi.

Salebetipun lelenggahan Sinuhun pirsa tiang menek wit klapa det toya legen. Sinuhun ndangu dateng Tumenggung Wiratirta: "He, Wira-tirta, kae ana wong menek wit klapa katik karo nganggo buntutan bu-bung ?". Aturipun Wiratirta: "Punika tiang pados legen (nderes) bade gendis klapa". Ingkang Sinuhun ngensiaka malih: "Aku apa oleh jaluk legene perlu arep takombe!". Wiratirta matur: "Inggih cobi kula tembaken; Pak, apa aku oleh jaluk legenmu arep takombe." Aturipun tiang nderes: "O, mangga menawi ngersakakem". Terus kacaosaken Ingkang Si-nuhun lajeng kaunjuk. Sasampunipun rampung ngunjuk lajeng ngendika dateng tiang ingkang nyaosi legen wau: "Pak, aku bungah banget dene alih kokcaosi unjukan legen takrima; Muga-muga legenmu ikukaro sing Maha Kuasa diparingi dadi gula sing enak tur legi rasane tumeka turunna-runmu.

Pramila gendis klapa wedalan saking Sawo punika eco piyambak rasosipun legi gurih tur kuning rupinipun sahingga sapriki, ngantos mi-suwar ing sak daerah Ponorogo.

Sareng sampun watawis jam setunggal dalu Ingkang Sinuhun mireng kados dene tawon kirab saking glodogan, pating gumrengeng lajeng ndangu dateng T. Wiratirta: "Wiratirta, iki suarane apa?" Atur wangsu-lanipun: "Punika suwantenipun tiang munajat dateng Gusti Allah". Sinuhun ngandika malih: "Yen mengkono ayo pada diparani mbok menawa bisa menehi tamba marang panjenenganku". Aturipun Wiratirta: "Sumanga kula derekaken". Priyagung kekalih lajeng bidal tindak murugi pa-pan kangge munajat.

Dene ingkang nyuwanten gumrengeng wau, inggih punika mboten sanes suwanten anggenipun munajat Bagus Harun kalian Kiai Ageng Tegalsari dalah para santri-santri. Amung perlu nyuwunaken rachmat lan drajat dateng putra wayahipun ngantos dumugi ing dinten kiyamat: Ingkang Sinuhun lan T. Wiratirta tindakipun sampun dumugi dalemipun Kiai Ageng Tegalsari. Saksampunipun ngendikakaken lelampaahan wiwit mulabukanipun ngantos saktelasipun.

Sasampunipun setata lenggha lan pangandikan, Ingkang Sinuhun mundut bantuanipun Kiai Ageng Tegalsari supados tumut ngrencana ngusir brandal Cina. Bejing menawi sampun saged kasil, Ingkang Sinuhun bade maringi bebingah, bade kaparingan siti ingkang boten mawi bayar pajak ngantos turun-tumurun.

Kiai Ageng Tegalsari lajeng munajat ing Pangeran sarana solat hajat. Sasampunipun rampung lajeng ndonga makaten: "Duh, Allah Pangeran, mugi-mugi ndadosaken negari kita punika dados negari ingkang aman lan tenterem. Lan mugi-mugi Gusti Allah paring rejeki dateng rakyat sedaya kanti rejeki ingkang suci lan ingkang halal".

Sasampunipun ndonga, Kiai Ageng lajeng matur: "Gusti panjenengan Dalem kula aturi kondur, negeri Kartasura samangke sampun aman lan tenterem. Prajurit brandal Cina sampuni sami wangslul, jalaran ningali tanah Jawi punika katingal ciut sanget lan boten wonten ginanipun ngereh tanah Jawi." Ingkang Sinuhun ngandika: "Kiai, menawi makaten kula sampeyan kanteni kanca menawi kula wangslul dateng Kartasura". "O, inggih Gusti, kula gadah lare ingkang mituhu lan sregep, inggih punika Bagus Harun".

Bagus Harun dipun dawuhi Kiai Ageng supados nderekaken Ingkang Simuhun kundur dateng Kartasura. Bagus Harun matur: "sendika". Enjingipun wanci jam 6 enjing Sang Ratu, T. Wiratirta lan Bagus Harun sami bidalan dateng Kartasura. Sadumuginipun dusun Strandil lajeng sami kendel perlu ngleremaken salira saking sayahipun.

Sasampunipun lenggahan sawatawis, Ingkang Sinuhun kraos luwe. Ingngriku pinuju wonten tiang estri randa kemarang isi sekul lan jangan. Ingkang Sinuhun ndangu dateng Bagus Harun: "Harun, kuwi wong nggendong apa ? Lan apa oleh takjaluk ?"

Bagus Harun matur: "Inggih, cobi kula tembungipun".

"Mook, punsape angsal kula neda sekul lan jangan sampean?"

Aturiguna mbok randa: "Menawi kersa, mangga".

Sekul lan jangan kacaosaken Ingkang Sinuhun lajeng kadahar ing papan palenggahanipun. Ingkang Sinuhun ngendika: "Iki desa ngendi jenenge?" Bagus Harun matur menawi punika dereng wonten naminipun. Ingkang Sinuhun ngendika: "Kepenake lan becike papan iki takjenengake desa Menang. Jalaran dina iki ingsun wis menang, brandal Cina wis kausir". Salajengipun ngendika dateng mbok Randa: "Mbok Randa, aku bungah banget dene kowe wis lega lila segamu takjaluk. Mula yen wis ana waktu, abesuk kowe sowana menyang Katasura; Iki kowe takparingi surat, dene omahku ana latare amba, iya kuwi omahku."

Mook Randa nampeni serat kanti matur sembah nuwun lan sagah bade sowan. Saestu, satunggiling wekdal, mbok Randa sowan dateng Kartasura (Surakarta) dipun paringi bumi merdika dumugi sapriki.

Ingkang Sinuhun, T.Wiratirta lan Bagus Harun ngelajengaken tindakipun dateng Surakarta (Sala) lajeng mlebet ing mesjid Suranatan, perlu solat hajat maneges ing ngarsaning Pangeran, nyenyuwun supados enggal kaparingananaman lan tenterem. Bagus Harun anggenipun munajat wonten mesjis 40 dinten laminipun. Keparengking Pangeran, negari Kartasura saget aman lantenterem kados ingkang sampun-sampun. Bagus Harun nyuwun pamit dateng Ingkang Sinuhun, sumadyawangsul dateng Tegalsari. Ingkang Sinuhun ugi marengaken kanti maringi songsong lan lampit perlu kangge tanda lelabetanipun. Sadatengipun Bagus Harun ing Tegalsari lajeng ngaturaken kawontenan ingkang pinanggih ing margi-margi ngantos dumugi ing negari Sala saking wiwitan dumugi pungkasan. Wondene songsong dalah lampit peparingipun Ingkang Sinuhun kaaturaken dateng Kiai Ageng Tegalsari, ananging Kiai Ageng mboten kersa nampi, pangandikanipun: "Sing diparingi iki kowe, dudu aku, jalaran sing nderekake menyang Sala kowe". Bagus Harun mboten mangsuli punapa. Sareng wanci dalu Bagus Harun mboten saget tilem, ngraosaken pangandikanipun Kiai Agengkala wau siang lan ingkang dados kodenging manah inggih punika bab peparingipun songsong lan lampit, ingkang dipun paringi punapa Kiai Ageng punapa piyambakipun. Pepuningan manah enjingipun terus bidal malih dateng Sala, perlu nyuwun keterangan, sinten sejatosipun ingkang dipun paringi songsong tuwin lampit. Mboten kacarios wonten ing margi, sadumuginipun wonten ing kita Sala wanci siang lan benteripun sanget, mila payung dipun megaraken kangge payungan ngantos dumugi ing tengahing alun-alun. Para prajurit ingkang lagi kraton sumerep wonten tiang ngangge payung priyagung, gadah pemanggih menawi tiang ingkang ngangge songsong wau prajurit Cina ingkang bade lumebet ing kraton.

Sadaya prajurit sami siaga, Bagus Harun dipun udani panah saking kiwa tengen, ngajeng wingking, kinepung wakul; Nanging sadaya panah satunggal kemawon boten wonten ingkang tumama ngengingi badanipun.

Bagus Harun lajeng nyawataken tekenipun, sakala barisan prajurit kraton mawut, kocar-kacir salang tunjang, malah katah ingkang dados korban. Ingkang Sinuhun nampi laporan menawi prajurit Cina sampun mlebet ing kraton. Ingkang Sinuhun enggal-enggal dawuh dateng prajurit salebetting kraton masang kiai Setomo lan Setomi kangge nanggulangi meng-sah. Bagus Harun terus mlebet ing kraton. Ingkang Sinuhun pirsa menawi ingkang mlebet Bagus Harun lajeng terus katubruk karangklik kali-an ngendika: "Oo, jebul sampean Kiai, kula kinten prajurit Cina dateng ngraman malih."

Salajengipun mundut pirsa kedadosan ingkang kados makaten wau. Bagus Harun matur menawi piyambakipun langkung ing tengah-tengah alansalun kanti payungan, dipun jemparing saking kiwa tengen ngantos ngawan tenaken reribet. Wondene sowan kula wonten ngarsanipun Ingkang Sinuhun, saperlu nyuwun pirsa bab songsong lan lampit. Ingkang Sinuhun ngandika ingkang dipun paringi songsong lan lampit pamita. Ingkang Sinuhun ngandika ingkang dipun paringi songsong lan lampit inggih Bagus Harun minongka ganjaran lan sageda kangge salami-laminipun. Sareng ceta makaten, Bagus Harun nyuwun pamit wangsal dateng Ponorogo.

Nalika lampahipun dumugi grojogan Bang Paluwang ing dusun Nglengkong, Sukareja, lajeng ngaso kanti menggalih salebetting batos: "Menawa payung lan lampit iki takrumat nganti tekan mbesuk, mesti anak putuku pada duwe ati sing gumede lan takabur, jalaran ngendelake Ielabuhane Wong tuwane marang negara. Beike payung lan lampit takti-tipake ana ing grojokan kana". Sanalika songsong lan lampit lajeng dipun jeguraken wonten ing grojokan kalian ngandika: "Grojogan aku titip payung lan lampit, dene mbesuk yen anak putuku pada mertapa arene, menawa bakal kasil sediane, ngatono (muncula)".

Pramila nalika semanten putra wayah Bagus Harun, menawi bade gadah hajat, katah ingkang nindakaken rialat utawi martapa ing grojogan ngriku.

Sejarah Mula-bukanipun Dusun SEWULAN Dagangan Madiun

Sawangsulipun Bagus Harun saking Sala, lajeng nyuwita malih dateng Kiai Ageng Tegalsari. Anuju satungiling dinten, Kiai Ageng dawuh dateng Bagus Harun supados nyediakaken jala perlu bade pados ulam. Bagus Harun kadawuhan nderek. Kiai Ageng lan Bagus Harun bidal jalawonten lepen. Salebetipun jala, ing dalem ageng wonten tamu ? katahipun, perlu bade sowan Kiai Ageng. Nyai Ageng matur menawi Kiai Ageng taksih jala ulam. Tamu sanga wau dipun aturi lengyah lan Nyai

Ageng nyusul dateng lepen. Kiai Ageng salebetipun jala penggalih kraos menawi ing ndalem wonten tamu. Kiai Ageng ndangu dateng Bagus Harun: Bagus Harun, iwake oleh pira? Jajal etungen." Sareng kaetang pinanggih wonten sanga iji, lajeng katungka datengipun Nyai Ageng ingkang maksudipun ngaturi priksa bilih ing ndalem wonten tamu ingkang dereng dipun tepangi: 9 tiang cacahipun. Kiai Ageng dawuhi Nyai Ageng kapurih wangsul rumiyin. Sarawuhipun Kiai Ageng ing ndalem, dawuh dateng Bagus Harun supados ulamipun dipun goreng lan kangge lawuh dahar. Bagus Harun ugi kadawuhan mususi uwos. Saking kasesanipun, uwos wutah terus dipun pendeti wangsul lan katah wedinipun. Boten sranta uwos terus dipun dang, Antawis sejam sampun mateng. "Nyai Ageng ngentas sekul dang wau, sareng mbukak kekep, kaget sanget dene kok uwosipun blorok. Nyai Ageng duka sanget dateng Bagus Harun. Semanten ugi Kiai Ageng rumaos lingsem ing panggalih dateng para tamu, dene sekulipun blorok. Sampun katah-katah ndukani dateng lare, panci sampun dados kersaning Pangeran. Sareng sami daharan kanti lawuh ulam, salah satunggaling tamu ngandika kenging menapa. Kiai Ageng kok boten ngangge lawuh ulam. Kiai atur wangsulan: "Kala wau kula jala ulam angsal sanggang iji, samangke tamunipun sanga dados sampun pas, satunggal2." Tamu matur dateng Kiai Ageng: "Kiai, leres pangandikanipun Kiai, nging kok ngraos kirang sekcea, menawi Kiai boten dahar ulam." Mila saenipun ulam dipun palih. Ingkang sepalih, inggih punika endas ulam ugi katutan badan sakedik, kaaturaken Kiai Ageng dene sepalihipun dawah buntut kangge tamunipun wau. Sabibaripun daharan, tamu ingkang nampi ulam sepalih wau matur dateng Kiai Ageng makaten: "Kiai, sampun dados kersaning Pangeran, benjing putra wayah ingkang sepalihipun dados priyantun lan ingkang sepalihipun dados tani lan dagang; Katanda saking sekul blorok lan lawuh ulam sepalih". Terus para tamu pamitan wangsul. Watawis wekdal Bagus Harun tukul angen-angenipun kepengin dados tiang lan sageda gadah babadan tanah piyambak tur merdika kados Tegalsari. Satunggaling dinten Bagus Harun kawedal aturipun daten Kiai Ageng: "Duh, rama Kiai, kaparenga matur wonten ngarsanipun rama Kiai". Kiai Ageng ngendika: "Iya, ana apa Gus, matura". "Kula kepengin sanget gadah babadan kados panjenengan tur inggih merdika saha papan pundi ingkang kedah kula babad ingkang saged bade kula turunaken' dateng anak putu kula?" Kiai Ageng ngandika: "Harun, yen kowe pengin babad, golekana payung sing kok buang ana grojogan Bang Paluwang biyen kae; Mengko turut ala ubengana: yen durung ketemu aja leren-leren". Bagus Harun lajeng mikiing salebeting manah: "Liwung, kodeng". Pangunandikanipun: "Lawong payung wis takbuang ana grojogan kok dikon nggoleki menyang alas kuwi apa tinemu nalar?"

Kiai Ageng ngandika: "La aja ngungun Harun, Gusti Allah iku kuasa, yen kowe pengin enggal duwe babadan, enggal gelekena payungmu turut alas". Bagus Harun sareng mireng dawuhipun Kiai Ageng kados makaten, sakala punika terus bidal.

Sadumuginipun ing wana lajeng mider-mider ugi tos pinter-pinten dinten. Bagus Harun wonten salebetting wana mamlet ganda harum lan songsong katingal ngadek kantun ragangan kemawon. Bagus Harun nyelaki songsong wau, dipun nyatakaken, punapa gadahanipun punapa sanes. Sareng dipun waspadakaken nyata gadahanipun piyambak, jalaran garanipun payung nalika bade kabucal katenggeran buruf H. Songsong kabekta wangsal kaaturaken dateng Kiai Ageng. Kiai Ageng ngandika: "Ya papan sing ana payunge iku degana masjid lan papan iku jenengna SEWULAN, jalaran anggonmu nggoleki payung suwene sewu dina".

Pramila sareng sampun dados dusun, ugi dipun salebetting SEWULAN ngantos dudugi sapriki.

Sejarahipun Kiai Zainal Abidin
dados mantunipun Raja Selangur.

Sapengkeripun Bagus Harun saking Tegalsari, pesantren Tegalsari saya dangu dados kembang lambenipun para tiang sawetanipun redi lawu. Ngantos putra putrinipun Tumenggung Cangkring, Pacitan kawedal aturipun dateng ingkang rama menawi mboten pikantuk putranipun Kiai Ageng Tegalsari aluwung mboten emah-emah salaminipun. Sareng Tumenggung Cangkring mireng aturipun putra putrinipun ingkang waruju kados makaten, sanget andadosaken prihatosipun penggalih. Sasam punipun kagalih sawatawis wekdal, Tumenggung Cangkring bidal dateng Tegalsari perlu ngupados putra mantu, dasar sampun kepengin kagungan damel mantu lan putranipun putri ugi sampun winanci. Sarawuh ipun ing Tegalsari, jujug ing dalemipun Kiai Ageng lan kaleresan saged pinanggih lan satata lengghah.

Salebetipun lelenggahan lan bage binage lan lerep sawatawis, Tumenggung Cangkring miwiti pangandikan ngrembag bab jejodohanipun ingkang putra putri: "Kiai, sowan kula mriki waleh-waleh punapa, mboten sanes perlu bade ngrembag anak kula estri." Kiai Ageng nyambeti pangandikanipun Tumenggung Cangkring makaten: "Kula inggih gadah joko, ianging nyuwun sewu rupinipun awon pawakanipun cebol. Punapa sakinten keng putra kersa dateng anak kula jaler punika"?

Tumenggung Cangkring ngaturi wangslan: "Inggih Kiai, kula sampun remen, awit idam-idamanipun anak kula estri, sageda dados putra mantunipun Kiai Ageng. Kula suwun, utaminipun putra jaler sampean supados sowan dateng Cangkring perlu nontoni lan ngiamar". Kiai Ageng ngaturi wangslan: "O, inggih, kula surujuk lan sanes

dinten bade kula ajati. Tumenggung Cangkring dajeng nyuwun pamit kon dur. Sapengkeripun Tumenggung Cangkring, Kiai Ageng ndawuhi putrani-pun Zainal Abidin. Sasampunipun Zainal Abidin ngadep sowan ingkang rama, Kiai Ageng lajeng ngendika:" He, anaku Zainal Abidin, kowe dage arep takrabekake, takoleshake putra putrine Tumenggung Cangkring, apa kowe gelem?" Aturipun Zainal Abidin:"Duh rama lan ibu pepunden kula, kula namung nderek ingkang dados kersanipun rama ibu; Nanging kepareng matur punapa putri ing Cangkring purun dados sisihan kula? Jalaran kula sampun ngrumaosi bilih kula burik lan cebol".

"Bab prekara kuwi wis cukup ana Tumenggung Cangkring dewe lan saiki kowe didawuhi supaya sowan ngadep menyang Cangkring perlu nglamar. Nanging becike kowe wakila karo kangmu Ilyas wae."

Zainal Abidin matur sendika.

Kiai Ageng lajeng nimbalii ingkang putra Ilyas, sareng sampun sowan Kiai Ageng dawuh;"Ilyas, dina iki kowe dak kongkon makili adimu Zainal Abidin perlu nontoni menyang Cangkring Pacitan lan ngajaka boeah santri perlu nderekake kowe." Ilyas lajeng terus bidal dateng Cangkringkaderekaken santri sawetawis. Sadumuginipun ing Cangkring terus sowan Tumenggung perlu ngestokaken dawuhipun Kiai Ageng perlu nontoni lan nglamar putrinipun. Ilyas satunggalilng tiang sae rupinipun, jene pakulitanipun, deg pengadegipun sembada lan rembagipun sareh lan sopan. Sareng sampun cekap anggenipun nglamar, wang sul dateng Tegalsari terus ngadep ingkang rama Kiai Ageng lan matur bilih putri Cangkring punika pancen sae saestu lan sekawan dasa dinten malih Zainal Abidin supados dateng Cangkring perlu daup.

Sareng sampun dumugi titi wanoi bida ling penganten saking Tegalsari mawi dipun arak dening para santri ingkang mboten sakedik katingal regeng lam mriyah, samargi-margi para santri sami gegujengan lan sorak-sorak. Sadatengipun penganten jaler ing Cangkring lajeng kendel lerep wonten pondokan ingkang saderengipun kasediakaken. Sasampunipun lerep sawetawis 2 jam, penganten bade kadaupaken terus panggih.

Kawuningan sareng calon penganten putri pirsa rupinipun penganten jaler katingal burik lan cebol, terus lewa lan terus mogog, mboten purun kapanggihaken sarta gadah panjuwun supados kanikahaken kalian ingkang nontonirumiyyin, inggih punika Kiai Ilyas.

Kawontenan makaten wau damel ribeting para santri ingkang ngeteraken. Sasampunipun karembag ingkang katah-katah, akhiripun penganten putri saestu kadaupaken kalian Kiai Ilyas. Kadospundi lingsemipun Zainal Abidin dene ngantos dipun tampik warasan dening wanita ing saderengipun sampun dipun blakaken punapa wontenipun. Sakala punika Zainal Abidin terus lolos tanpa pamit saking Cangkring wang sul dateng Tegalsari. Sareng sampun dumugi ing Tegalsari terus matur dateng rama lan ibunipun kedadosan ing Cangkring saking wiwit hingga pungkas.

Kiai Ageng sareng mireng aturipun Zainal Abidin njegreg kendel mboten ngandikan. Dangu-dangu Kiai Ageng ngandika:"O, angger, panoen dudu jodomu; Ora liwat ayo sing sabar lan nyuwun marang Pangeran wae, diparingi jodo sing kaya mengkono iku, kowé wae supaya nyuwun marang Pangeran supaya diparingi rachmat." Katah-katah pangandikanipun Kiai Ageng dateng Zainal Abidin, sampaungantos gadah manah ingkang mboten-mboten.

Nalika penganten sekalian dipun unduh (dipun undang) dateng Tegalsari, Zainal Abidin mboten purun ngatingal malah lajeng ndelik dateng panggenanipun ingkang raka Kiai Iskak, Ceper lanti matur:"Kang, aki arep lunga, aku rumasa isin banget ana tanah Ponorogo", Ingkang raka katah-katah anggenipun paring pangandikan lan tansah ngrerepa dateng ingkang rayi supados lilih lan mirungaken sedianipun amggenipun bade kesah. Namung sedaya wau tanpa gina lan boten adamel mareming manah. Ing pangangkah sedianipun Zainal Abidin aluwung pejah katimbang nandang wirang. Pepuntoning redhang, Kiai Iskak ndamel putusan mekaten:"Wis, saiki ngene wae, kepenke kowe matur bapak, yen kowe karo aku arep budal haji menyang tanah Mekah lan nyuwun sa ngu pisan. Zainal Abidin sareng mireng pengandikanipun Kiai Iskak, kamanah-manah wonten saenipun lajeng terus sowan dateng ingkang rama lan ibunipun ingkang kapinujon lenggahan ing pendapa. Sareng rama lan ibunipun pirsa bilih Zainal Abidin sowan, terus dipun awe kada wuhan lenggah ing ngajengipun lan kadangu: "Geneya wis suwe ora endang-endang aku lan ibumu?" Atur wangsulanipun Zainal Abidin: "Wontenipun kula sampaun dangu mboten sowan awit mboten wonten wekdal lan kaparenga kula matur wonten ngarsanipun rama ibu, bilih ing ditten punika kula gadah hajat bade ziarah haji dateng Mekah. Mugi-mugi rama ibu kersa anjurung pandonga lan kersa paring sangu sacekapipun."

Kiai Ageng sareng mireng aturipun ingkang putra Zainal Abidin lajeng ngendika:"O, angger, anaku lanang, aku iki ora dagang ora layar. Kowe dewe wis weruh lan mengerti yen penggaweanku mulang santri, kok kowe jaluk sangu?"

Zainal Abidin mboten matur punapa-punapa jalaran rumaos welas dateng rama ibunipun, lajeng nyuwun pamit wangsul dateng Ceper. Dumuginipun Ceper matur dateng kakangipun, bilih maksudipun nyuwun sangu mboten kaparengaken. Kiai Iskak ngendika:"Wis ta, kowe sowana maneh, natura marang bapak, nyuwun sangu". Zainal Abidin sowan malih dateng Tegalsari perlu nyuwun sangu. Ingkang rama lan ibunipun wontenipun namung gedeg-gedeg kalian ngandike:"Bocah iki, wong dikandani kok nekat temen. Budalmu mbesuk kapan?" Zainal Abidin matur:"Bidal kula abejing emben kalian kang Iskak Ceper".

"Yen mangkono mbesuk wae menawa arep budal pada mampira mrene". Dinten embenipun putra kekalih, Kiai Iskak lan Zainal Abidin sami

bidal dateng Tegalsari, sowan rama ibunipun perlu nyuwun pengestu lan sangu. Dumugi Tegalsari ingkang rama Kiai Ageng taksih pinuju sujud sunat, mila kekalihipun sami ngrantos, ngentosi sarampungipun solat. Sabibaripun sujud, ingkang rama lajeng manggihi putra kekalih katingal sami sisah lajeng ngandika:"Bocah-bocah iki apa sida arep budal? Yen sida budal, kae pada mbukaa ngisor pasujudan ana apane; Yen ana emase pada njupukana sacukupe kanggo sangu".

Tiang kekalih sami dateng pasujudan, saestu sangandapipun pasujudan pinanggih pinten-pinten emas lajeng sami mendet sacekapipun lajeng nyuwun pamit dateng rama-ibunipun lan nyuwun pengestu bidal dateng Mekah. Ing margi mboten kacarios, sareng dumugi ing Mekah lajeng sami netepi ibadah haji. Sarampungipun ibadah haji, tiang kekalih sami wang sul. Sareng kapal lampahipun dumugi ing Selangur Malaya kapalipun labuh perlu mendet toyatawar lan sanes-sanesipun kabetahan kapal ngantos 7 dinten laminipun; Sadaya penumpang kakengingaken mandap saking kapal. Sadangunipun kapal labuh, tiang kekalih sami mandap saking kapal perlu bade nyumerepi kawontenanipun kita Selangur. Nalika kapal sampun bade bidal malih dateng tanah Jawi, Kiai Iskak ngendika dateng Zainal Abidin:"Zainal Abidin, ayo pada enggal bali menyang pelabuhan, kapale wis wayahe arep budal."

Wangsulanipun:"Kang, aku ora arep bali menyang tanah Jawa, arep maled ana Selangur kene bae. Aku aturna menyang bapak lan ibu supaya diparingi tambahing pengestu, bisaha hasil apa sing dadi sedianing atiku." Kakangipun mboten jawab punapa-punapa, terus bidal dateng kapal ingkang dipun tumpaki waunipun. Zainal Abidin tetap kantun wonten ing Selangur lajeng i'ktikap wonten salebeting mesjid kita ngantos pinten-pinten wulan dangunipun.

Anju satunggaling dinten, putra putrinipun Kangjeng Sultan Selangur nandang gerah, mindak dinten gerahipun saya sanget. Sakatahing jampi lan pinten-pinten dukun mboten wonten ingkang saged damel waluya. Ramanipun sakelangkung sisah, nandang sungkawa jalaran ngraosaken gerahing putranipun. Pepuntoning penggalih, Sang Raja ngawontenaken sayembara, sintena tiangipun menawi saged maluyakaken gerahing Sang Dewi, yen jaler kapundut mantu, yen estri kapundut putra. Sayembaranipun: Sang Raja sampun wradin sanagari Katah para nujum lan para sarjana wicaksono ingkang nglebeti sayembara, nanging satunggal kemawon mboten wonten ingkang saged maluyakaken. Sang Raja sanget prihatosipun ngemuti gerahing Sang Putri.

Kacarios, sabibaripun solat subuh, Zainal Abidin kepengin medal sumerep kawontenan ing njawi, jalaran anggenipun nindakaken i'kti kap sampun dangu. Sareng lampahipun dumugi sangajengipun gapura mesjid, mireng pawartos bilih sang Raja ngawontenaken sayembara.

Sareng mireng pawartos makaten, Zainal Abidin menyalih: "Becik apa ora aku ngleboni sayembara?"

Kenoenging manah Zainal Abidin nglebeti sayembara lan terus bidal ngadep Sang Raja. Sadatengipun kraton dipun panggihi Sang Patih, kadangu: "Sampeyan sinten lan bade kersa punapa?"

"Nami kula Zainal Abidin lan bade nglebeti sayembara."

Zainal Abidin kaunjukaken dateng Sang Raja. Sang Raja ndangu:

"Kowe wong saka ngendi lan jenengmu sapa?"

Atur wangsumanipun: "Kula tiang saking tanah Jawi, nami kula Zainal Abidin. Perlu sowan ngarsaniipun Sang Raja bade nglebeti sayembara."

Sang Raja: "Iki wis akeh para ahli nujum lan para sarjana kang ngleboni sayembara, nanging siji wae ora ana sing hasil; Mula yen kowe arep ngleboni sayembara, aku iya marengake, nanging aku janji yen kowe ora bisa maluyakake Sang Putri takpatrapi paukuman kunjara setahun lawase; Dene yen bisa maluyakake apa sing taksayembarakake baikal taklaksanakake."

Zainal Abidin matur sendika lan sagah. Zainal Abidin kairit dateng dalem kaputren. Zainal Abidin nyuwun dateng Pangemanan supados gerahipun Sang Putri pinaringan waluya. Sang Putri lajeng dipun usadani dening Zainal Abidin sakala punika gerahipun katingal suda. Let tinggang dinten gerahipun Sang Putri sampun saras babar pisan. Sapinten marem lan leganing penggalihipun Sang Raja pirsa bilih Sang Putri sampun pinaringan saras babar pisan. Sang Raja nimbali Zainal Abidin kadangu: "Zainal Abidin, aku kepengin weruh, sapa bapakmu lan jenenge sapa lan papan dununge ngendi?"

Atur wangsumanipun Zainal Abidin: "Bapak kula inggih punika Kiai Ageng Guru santri, asmanipun Mohammad Besari, griyanipun Tagalsari Ponorogo, tanah Jawi."

Sang Raja ndangu malih: "La kowe putra nomor pira!"

"Kula nomor 9 ingkang wuragil".

Antawis 3 wulan saking waluyanipun Sang Putri, Zainal Abidin kadaupaken kalian San Putri kanti pahargiyane ageng-agengan.

Sawatawis tahun anggenipun Zainal Abidin krama angsal Sang Putri, Sang Raja nandang gerah lan yuswa ugi sampun sepuh akhiripun Sang Raja seda. Sasedanipun Sang Raja ingkang nggentosi dados Raja / Sultan inggih punika Zainal Abidin ngantos turun-tumurun hingga sapriki.

Sejarahipun Kiai Bin Umar babad dusun Banjarsari
Dagangan Madiun

Kiai Ageng Tagalsari putranipun ingkang dereng krama kantun satunggal ingkang putri. Kiai Kiai Ageng sanget prihatos, nemuwun dateng Pangeran sage da ingkang putra putri inggal pinaringan jodo samestinipun.

Kacarios, Kiai Ageng Puger kagungan putra kakung nami Bin Umar dipun lemaraken dateng Tegalsari dening ramanipun. Sasampunipun katumpi panglamaripun lajeng kadaupaken kalian putra putri. Let pitung dinten anggenipun nikahan, ing kraton Yogyakarta wonten kedadosan rame sanget, inggih punika murcanipun Pangeran Singosari kesah saking Yogyakarta babad wana wonten daerah Malang. Papan wau lajeng kanamekaken dusun Singosari awit ingkang babad Pangeran Singosari. Wonten Singosari yasa kraton piyambak.

Ingkang Sinuhun Yogyo ndangu dateng Tumenggung:"Ki Tumenggung, iki piye bakal wusanane dene Pangeran Singosari ora kersa kondur ing Yogyo, malah kabare adeg kraton ana Singosari; Yen ora kepeneran bakal ana peperangan karo sedulur dewe. Saiki kepriye becike." Ki Tumenggung munjuk atur:"Gusti, saenipun panjenengan dalem kula aturi utusan dateng Tegalsari kemawon, mundut pitulungan dateng Kiai Ageng ingkang supados ngaturi kondur Pangeran Singosari wangsul dateng Yogyo."

Sareng Sinuhun mireng aturipun Ki Tumenggung ugi nayogiyani.
"Yen mangkono, sira ingsun utus menyang Tegalsari nyukupi prekara iki"
Ki Tumenggung matur sendika terus bidal dateng Tegalsari.

Sadatengipun ing Tegalsari Ki Tumenggung mangihi Kiai Ageng, aturipun:"Kiai, kula dipun utus Ingkang Sinuhun Yogyo, panjenengan dipun dawuhi ngonduraken Pangeran Singosari ingkang samangke séweg babad wana wonten sacelakipun Malang. Jalaran menawi Pangeran Singosari mboten kondur, mbejing bade wonten perang saderek antawisipun Yogyo lan Singosari. Nbenjing menawi panjenengan sage ngonduraken, bade dipun paringi kabingahan, inggih punika bumi merdika ingkang mboten pinajekan salami-laminipun".

Sasampunipun Kiai Ageng nampi pangandikanipun Ki Tumenggung, lajeng nimbali putra mantu Bin Umar dipun dawuhi:"Bin Umar, dina iki kowe takkongkon menyang Singosari Malang, supaya Pangeran sing babad ana sacedake Malang supaya kondur menyang Yogyo."

Kiai Bin Umar matur sendika terus bidal kalian Tumenggung.
Sareng Kiai Bin Umar rawuh ing Malang lajeng sujud wonten ing wana tepis wiringipun tanah ingkang dipun babad dening Pangeran Singo

sari. Sareng Pangeran Singosari bilih wonten tamu Tumenggung saking Yogja, dawuh dateng Senopati supados nyepeng Tumenggung wau. Kiai Bin Umar matur bilih datengipun Ki Tumenggung ing Singosari mriki sanes utusanipun Simuhun Yogja utawi sanes kersanipun piyambak, nanging nderekaken Kiai Bin Umar wakil Kiai Ageng Tagalsari. Senopati lajeng matur dateng Pangeran Singosari, bilih Tumenggung Yogja dateng Singosari nderekaken Kiai Bin Umar minongko wakilipun Kiai Ageng Tegalsari. Pangeran Singosari lajeng dawuh: "Yen mengkono da wuhana mrene kareben ketemu karo aku".

Sareng P. Singosari pinanggih kalian Kiai Bin Umar lajeng sami ngandikan punapa ingkang dadog maksudipun. Akhiripun Pangeran Singosari kersa kondur dateng Yogja asal Kiai Bin Umar kersa nderekaken.

Dene bab kawontenaipun Pangeran Singosari ing margi ngantos dumuginipun kraton Yogja, Kiai Umar supados tanggel jawab.

Kiai Bin Umar ugi nyagahi. Ki Tumenggung dipun aturi bidal rumiyin perlu ngaturi Sinuhun Yogja sageda kappag dening para prajurit wonten ing sanjawinipun kita. Pangeran Singosari lan Kiai Bin Umar sanpun dumugi ing Yogja kanti wilujeng mboten wonten alangan satunggal punapa.

Salajengipun Kiai Bin Umar dipun paringi ganjaran bumi perdikan Banjarsari minongko gantosing lelabetanipun ngantos turun-tumurun dumugi sapriki.

KIAI AGENG KASAN BESARI TEGALSARI
NAMPI TRIMAN PUTRI SAKING SURAKARTA . -

Wekdal Tegalsari dipun asta dening Kiai Kasan Besari, kawontenan ing dusun pinanggih gemah ripah kerta raharja, tata tentrem. Rakyat sadusun lan kiwa tengenipun sami ngrungkepi agami Islam sayuk i耶k saeka praja, guyup rukun, mboten wonten ingkang cecengilan lan tukar padu. Bebasan lara pada disangga, kepenak pada dirasakake.

Kiai Kasan Besari putranipun Kiai Ilyas; Kiai Ilyas putranipun Kiai Ageng Mohammad Besari.

Dusun Tegalsari saya dangu saya mindak katah lan majeng sanget agami Islam, ngantos misuwur dumugi pundi-pundi panggenan.

Kiai Kasan Besari, kejawi mulang para santri ugi ngasta Kepala Dusun Tegalsari. Muridipun rikala samanten mboten kirang saking 10.000. Wekdal rikala semanten Kiai Ageng Kasan Besari ngantos damel pernatan enggal ingkang selaras kalian hukum agami Islam. Tiang mandung

menawi kacepeng, kaketok tanganipun, tiang tumindak zina dipun jilid (kagebag) kaping 80 gebagan. Dusun Tegalsari dadus ingkang aman lan tentrem dados sumbering agari Islam, ngantos duun sanes-sanesipun kepengin niat damel peraturan kados dusun Tegalsari.

Peraturan kasebat kapirek dening Bupati Ponorogo, bilih Kiai Ageng Tegalsari damel peraturan piyambak, nyebal saking peraturan Pemerintah, mila lajeng pelaporan dateng Ingkang Sinuhun ing Surakarta ngaturaken kawontenan ing Tegalsari. Ingkang Sinuhun kaget ing panggalih, terus utusan dateng Tegalsari, perlu nyepeng Kiai Ageng Kasan Besari kabekta dateng Surakarta, perlu bade kapatrapan pidana.

Sasampunipun katitipriksa dening Pengadilan Negari, Kiai Ageng Kasan Besari nampi putusan bade kabucal (kaselong) dateng sanjawining tanah Jawi.

Sadumuginipun ing Jakarta lajeng katumpakaken kapal perlu kabidala-ken, Nanging kawuninganana, kapai mboten saged mlampah. Nachoda kapal bingung madosi subabipun kapal mboten saged mlampah, Saking judegipun manah jalaran madosi selabipun kapal mboten saged mlampah, nachoda kapal mrintahaken dateng para penumpang samiya mandap saking kapal. Sasampunipun sami mandap, kapal kacobi dipun lampahaken, saged mlampah. Para penumpang kapurih numpak malih, kapal dipun lampahaken mboten saged mlampah.

Kadadosan makaten wau katindakaken wungsal-wangsul. Saking paniti priksaning para sandi, bilih kedadosan wau saking dayanipun Kiai Ageng Besari. Sareng sampun oeta bilih saking dayaning Kiai Ageng Tegalsari, Kiai Ageng dipun andapaken lan kawangsulaken dateng Surakarta malih. Sarawuhipun ing Surakarta, Kiai Ageng Besari dipun tawan wonten ing mesjid Ageng Surakarta kanti kabelenggu. Sareng sampun ngancik ing wulan Maukud, lajeng printah dateng para santri, supados sami dateng ing Surakarta perlu ningali grebeg Maulud lan ngiras nuweni dateng Kiai Ageng, jalaram mireng kabar menawi Kiai Ageng mboten saestu kaselong, dipun tawan wonten mesjid Ageng Surakarta.

Para santri sami bingah, usrek-usrekan tata-tata bade bidalan dateng Surakarta. Mboten kirang saking 500-san santri ingkang merlokaken dateng Sala. Sadumuginipun Sala, sami njujug ing masjid Ageng. Sareng sampun sami kepanggih kalian Kiai Ageng dipun salaman sarta katah ingkang sami mbrebes mili, sarta nyuwun priksa kados pundi menggahing putusanipun. Kiai Ageng Kasan Besari jawab bilih piyambakipun wonten ing mesjid punika taksih dipun (wonten) tawanan lan ngentosi putusan Pengadilan. Para santri lajeng sami matur dateng Kiai Ageng, ingkang maksudipun punapa kepareng belenggu ingkang kangge mbanda punika kependet kemawon? Wonten malih santri ingkang matur, saenipun dipun damu kemawon, mangke rak saged ucul piyambak. Kiai Ageng Besari lajeng ngandika sarwi gumujeng: "Yen kowe lanang sejati mungguhing Gus-

ti Allah, ucale belenggu utawa rante iku ora kok dipedot lan didamon, nanging ucale kudu sangka wong sing mbanda mula bukane. Dadi aku mung pasrah marang Pangeran wae, kapriye putusane Gusti Allah." Pangandikanipun katerusaken:"Gus, rehne sasi Maulud, mengko bengi ayo pada herjanjian, selawatan Maulud , perlu hormat Kangjeng Nabi Mohammad. Dene utamane salah sijine santri sowona ana ngarsane bapak Pengulu perlu nyuwun izin. Salah satunggaling santri lajeng sewan Pengulon perlu nyuwun izinlan ugi dipun parengaken. Dalunipun berjanjian lan selawatan rame sanget, ngantos dados gumuning para tetiang sakiwa tengening mesjid. Jalaran santri 500-san wan tami sesarengan maos berjanjen lan selawat. Katah para tiang kiwa-tenge ning masjid ingkang sami ningali mirengaken selawatan Maulud sami ngungunun, jalaran salaminipun dereng nate mireng selawatan Maulud kados makaten wau. Awit tetiang wau takeih sakedi singel ingkang saged selawatan lan taksih awis-awis ngawontenaken selawatan Maulud. Kawontenan wau andadpsaken maren lan bingahing para pinisepuh ing daerah Surakarta.

Sireng sampun wanci jam 1 dalu, wancinipun asrekal, Kiai Ageng Kasan Besari ingkang ndalangi. Nalika samanten, belengjunipun karengipun Sinuhun dipun uculi lan kanti sarat bilih Kiai Ageng Kasan Besari boten bade murca. Suwantenipun Kiai Ageng Kasan Besari sae nglangut lan lagunipun sekeca ngantos kapireng saking salebetung kraton. Katah para putra, sentana lan abdi dalem kraton ingkang sami mirengaken lan sami kasengsem, malah wonten salah-satunggaling putra putrinipun Ingkang Sinuhun saking kasengsemipun penggalih lan mboten kiat ngampet nafsunipun kuma wantun.matur dateng ramanipun: "Rama, sinten suwantenipun sekeca punika ?"

Ramanipun ngandika:"Sing suwarane apik lan kepenak dirungokake iku, Kiai Ageng Kasan Besari, Tegalsari, Ponorogo, sing arep diselong ora sida."

Sang putra matur malih:"Menawi mekaten kula nyuwun supados dipun daupaken kalian Kiai Ageng Kasan Besari Tegalsari. Menawi kula mboten saged daup kalian Kiai Ageng Kasan Besari, kula bade nganyut jiwa, bade suduk selira".

Ingkang Sinuhun kaget sareng mireng aturipun ingkang putra putri, lajeng ngandika:"Sejatiné kowe iku wis takpacangeke karo putrane Pangeran Yogjakarta".

Sang putri matur malih:"Rama, menawi kula mboten pikantuk kalian Kiai Ageng Kasan Besari, aluwung kula mboten gesang woncen aleah doyan".

Gancaring carics, enjingipun Kiai Ageng Kasan Besari dipun timbalii Ingkang Sinuhun mlebet dateng kraton bade nampi pangandikan sing Sinuhun: "Kiai, menawi sampean dangan lai setuju, saupean bale kula pendet mantu; Kula daupaken kalian anak bulu estri. Kados pun-

di Kiai pemanggih sampean ? Menawi sakinten Kiai nyaru juki, Kiai bade kula luwari saking prekawis sampeyan".

Kiai Ageng Kasan Besari matur: "Gusti, dalem inggih purun, nanging dalem keparenga matur. Sarehning dalem punika namung kiai tukang mu lang agami dateng para santri, mboten gadah pangupa jiwa punapa-punapa; Pramila dalem dipun paringi teda kangege nyekapi daharipun putra panjenengan dalem".

Ingkang Sinuhun ngandika: "Inggih Kiai, sampeyan kula sukanisatus bahu, minongka dados tedanipun anak kula estri".

Sareng sampun cekap pangandikanipun, Kiai Ageng Kasan Besari lajeng kadaupaken kaliyan putra putrinipun Ingkang Sinuhun. Sasampunipun ke lampahan daup, bapa pamanipun Ingkang Sinuhun ingkang wonten ing redi Tidar, ingkang nembe mertapa, mireng bilih wayahipun keponakan putri dipun daupaken kaliyan Kiai Ageng Kasan Besari, Tegalsari, lajeng kon dur dateng Surakarta perlu bade nerangaken anggenipun jejodohan wayah keponakanipun.

Sarawuhipun ing Surakarta ugendika dateng Ingkang Sinuhun makaten: "Anak angger Sinuhun, Kepriye dene wayahku si Nini putri kok daupake karo Kiai Ageng Tegalsari kuwi ? Mestine anak ratu rak iya kudu oleh ratu, jebul oleh santri kerdil. Jenenge mangkono iku tak ngasorake del rajate anak ratu. Utawa maneh nglorotake kawibawan."

Ingkang Sinuhun matur: "Paman, kula sampun mboten saged uwal malih, a wikiteng wayah sampun gadah tekat menawi mboten kadaupaken kalian Kiai Ageng Tegalsari aluwung pejah lan malih nadiyan punika Kiai, nanging sanes kados Kiai-kiai sanesipun. Piyambakipun gadah kasudibyan ngungkuli kula panjenengan. Buktinipun, nalika bade kaselong, kapalipun mboten saged mlampah lan sumerep salebetipun winarah lan ugi Kiai Ageng Tegalsari punika taksih tedakipun ngawirya rembesing madu.

Jalaran, eyangipun taksih turun saking Ingkang Sinuhun Brawijaya Maja pahit.

Ingkang paman ngandika: "Yen pancen keteranganmu iku bener, yen dewek iku turunane Ingkang Sinuhun Brawijaya, coba saiki utusana nimbalii Kiai Ageng Tegalsari, arep takjajal sapira katiyasane lan kaprawiraane. Sanalika punika Ingkang Sinuhun lajeng utusan Gandek dateng Tegalsari perlu nimbalii Kiai Ageng Kasan Besari sakgarwanipun, supados dateng Sala.

Gandek terus bidal dateng Tegalsari. Sadatengipun Tegalsari terus sowan Kiai Ageng Kasan Besari; Aturipun: "Kiai, kula kautus Ingkang Sinuhun, panjenengan kalian ingkang garwa dipun timbali Ingkang Sinuhun sowan dateng Surakarta lan kula mbekta titihanipun pisan lan sampun cemawis." Kiai Ageng Kasan Besari ngendika. ~~amateng~~ rayinipun: "Nyai, aku lan sariramu katimbalan Ingkang Sinuhun, mula prayogane dina iki kowe budala disik diderekake karo Gandek. Aku takbudal keri-

keri wae; Dene titihane jaran saka Surakarta ben digawa bali."

Nyai Ageng matur: "La panjenengan bade nitih punapa Kiai?"
Wangsulanipun Kiai; "Ya arep mlaku carat wae."

Sareng Nyai Ageng nampi pangandikanipun Kiai Ageng lajeng hidal ka-derekaken Gandek, sami nitih kapal. Laminipun 5 dinten nerbe rawuh ing Surakarta. Wekdal samanten marginipun rekaos tur taksih awon.

Sareng Nyai Ageng lan Gandek sampun dumugi ing kraton, sakelang-kung gumun lan mengeng dene Kiai Ageng. Kasan Besari sampun lenggar jagongan kaliayan Sinuhun lan pamanipun Sinuhun, lajeng Nyai Ageng matur: "Kiai kok sampun wonten mriki, nitih punapa lan sampun pinten dinten?" Kiai Ageng ngendika: "Mlaku wae, ;an tekaku wis patang dina iki. Dene kowe kok suwe temen, taksranti-sranti kok ora teka?"

Ing ngriku Ingkang Sinuhun lan pamanipun sami gumun sumerep ka-wontenan punika; Ingkang Sinuhun ing mbatos ngalembava dateng Kiai Ageng, semanten kadibyanipun.

Antawis dinten Ingkang Sinuhun ngawontenaken pipta kennel bujana kalian putra sentono dalah para bupati, dahar sesarengan. Naliks Ingkang Sinuhun mundut ulam ayam rampatan inglang wonten ing piring, sakala punika ulam ayam dados gesang lajeng matur. Kiai Ageng Kasan Besari rumaos dipun dipun cobi lajeng ngederalaken sapu astanipun dipun bucal dados luwak, terus nubruk ayam wau. Pamanipun Ingkang Sinuhun mendet ulam menda ingkang wonten rampatansanesipun, dumadakan malih dados menda gesang. Para sentono dalem lan para bupati sami kanitenggengen pirsa kawontenan wau lan antawisipun wonten ingkang kagungan raos ajrih.

Kiai Ageng Kasan Besari mboten talompe, serban sanalika dipun copot dipun bucal malih dados sima ageng, lajeng nubruk menda.

Pamanipuh Ingkang Sinuhun ing mbatos tambah lingsempun nanging mboten narimah. Wonten antawisipun para bupati katah raos nyeperekaken dateng Kiai Ageng, nanging sareng sampun sumerep kawontenan wau, lajeng rumaos ejrh lan ngalembana dateng Kiai Ageng Kasan Besari.

Ingkang Sinuhun ngaturi ingkang Paman lan putra mantu inggih Kiai Ageng Kasan Besari, sampun ngantos kalajeng-lajengaken, Akhiripun Ingkang Paman ngandika dateng Kiai makaten: "Kiai apa bisa njempa ring?" Aturipun Kiai: "Mboten saged, kejawi menawi panjenengan dalam dawuhi titisan, kula namung nderek kemawon".

Bab punika sampun kapireng dening para tetiyang ing sanjawining kraton. Dumugi titimangsaning dinten ingkang sampun katemtokaken, ing alun-alun sampun kebak tiyang imgkang bade ningali. Ingkang Paman lajeng ndawuhi para Gandek, kadawuhan masang gunbar peksi wonten te ngahing alun-alun, dipun gantung. Papan gantungan peksi wau wonten ing alun-alun ler lan anggenipun nglepas jemparing saking alun-alun

kidul. Pamanipun Ingkang Sinuhun angrumiyini nglepasaken jemparing ngenggingi mripatipun peksi nanging nlilip lajeng gantos Kiai Ageng Kasan Besari kadawuhan nglepasaken jemparing. Nalika bade nglepasaken, matur: "Nuwun sewu Eyang, punapa dalem kepareng nglepasaken jemparing kalian mengker ?" Wangsulanipun: "Iya, kena."

Kiai Ageng Kasan Besari lajeng mengker mengidul; Para santri lan bupati sami setengah maiben lan tangeh lamun bade ngenggingi gambar peksi, jalaran lepasing bedor mangidul kok saged ngengini gambar peksi ingkang wonten ler. Kiai Ageng Besari lajeng nglepasaken paser (bedor) dipun lepasaken mangidul, nanging elokipun paser lajeng wang sul mengaler ngengini mripat telenging gambar peksi ngantos butul. Para bupati sami kamitenggengen sumerep kasektenipun Kiai Ageng Kasan Besari, sami angalembana lan ajrib.

Salajengipun Kiai Ageng Kasan Besari ng dilaken guna kasektenipun kalian matur dateng Ingkang Eyang: "Eyang, dalem kepareng matur, minongka kange pungkasaneing kapitalosin dateng dalem, sapunika ringin kurung punika kula jemparingipun. Eyang dalem aturi mriksani, mangke menawi wonten satunggal kemawon ron ingkang mboten bolong, dalem trimah ngrentahaken talak dateng wayah panjenengan dalem. Salajengipun mangke dalem bade wangslu piyambakan dateng Tegalsari". Ingkang Eyang ing mbatos sampun rumaos kawonkasektenipun lan muji sanget dateng ingkang wayah Kiai Ageng Kasan Besari sehingga tuwu trisna asihipun. Ringin kurung lajeng dipun jemparing, sanalika ambruk sigar brak dados kalih sarta ronipun bolong sedaya. Para sen tana dalem, para bupati lan rakyat sami ningali lan naliti satunggal satunggaling ron, satunggalron mboten wonten ingkang mboten bolong. Ing ngriku Ingkang Sinuhun dalah Ingkan paman gumun sanget rumaos kasoran pramila lajeng kawedal pangandikanipun dateng ingkang putra Kiai Ageng Kasan Besari makaten: "He, anaku bagus Kasan Besari, sai ki kowe wis dakparengake bali karo rayimu menyang Tegalsari, perlu nentremake pikir. Lan menawa ora ana timbalan maneh, ora susah teka kene." Sakala punika Kiai Ageng Kasan Besari nyuwun pamit, lajeng kondur dateng Tegalsari kaderekaken putrinipun. Para putra santon kraton sami medal suka pakurmatan lan katah para putri ingkang sami mbrebes mili ningali bidalipun Kiai Ageng sagarwanipun, binekta saking raos asihipun.

Sapengkeripun Kiai Ageng Kasan Besari saking Sala, dados kembang lambenipun para tetiyang ing salebetipun kraton lan sadaerah Surakarta. Gandanipun amrik arum, dene wonten Kiai ingkang wicaksana lan semanten katiyasanipun. Sarawuhipun Kiai Ageng Kasan Besari seka. Lian ing Tegalsari, para santri lan para tetiyang ing dusun Tegalsari lan dusun sanesipun sami suka pakormatan ageng-agengan lan andados-aken manteping para santri anggrenipun ngupadi ilmu agami Islam.

Rangga Warsito

- 24 -

BAGUS BURHAM MONDOK WONTEN
TEGALSARI

Antawis tigang wulan saking konduripun Kiai Ageng Kasan Besari saking Surakarta, Tumenggung Cokronegoro kepengin lan kepincut lan kepengin sanget saged necep ilmunipun Kiai Ageng Kasan Besari. Lajeng ingkang putra kakung ingkang asma Bagus Burham dipun teraken piyambak dening Tumenggung Cokronegoro sarana nitih kapal. Sareng sampun dumugi kreteg sakidul kilen dalemipun Kiai Ageng Kasan Besari, kapalipun mogok mboteng purun mlampah. Tumenggung Cokronegoro lan Bagus Burham mandap saking kapal sumediya bade tindak darat, wonde ne kapalipun kacancang wonten kidulipun kreteg. Nalika bade tindak, Tumenggung Cokronegoro ngagem tlumpah lan payungan. Sareng bade lumangkah tindak badan kraos kan lan mboten saged tindak. Sanget andadosaken gumun lan ajrihing penggalih. Antawis lajeng wonten santri ingkang langkung mriku, Tumenggung Cokronegoro ndangu dateng santri wau. Pangandikanipun: "Gus, aku iki ke prije kok ora bisa mlaku ?" Santri nyuwun pirsan: "Panjenengan bade tindak pundi?" Wangsulanipun Tumenggung "Aku arep sowan Kiai Ageng Kasan Besari".

Aturipun santri: "Nyuwun sewu, menawi bade sowan Kiai Ageng mboten pareng ngagem tlumpah lan mboten pareng ngagem songsong". Sang Tumenggung mireng aturipun santri wau, sakala payung dipun ingkupaken lan mboten ngagem tlumpah. Sakala badan kraos pulih lan saged tindak. Ing mbatos Tumenggung Cokronegoro kraos ajrih. Dumugi dalemipun Kiai lajeng kapapanaken lenggah lan ngatura ken sowanipun wau mboten sanes namung bade nitipaken ingkang putra dateng Kiai Ageng supados dipun pimpin kagula wentah bab babagan Agami Islam. Bagus Burham katampi dening Kiai Ageng lan dipun kanteni abdi jaler satunggal naminipun Kromoliyo ugi saking Sala. Bagus Burham anggenipun mondok wonten Tegalsari angsal 1 tahun laminipun tansah damel resahipun pondok kemawon Para santri katah ingkang dipun ajak aben sawung, main lan klenceran. Dangu-dangu ing pondok ngriku tuwuh resah, katah santri ingkang kecalan arta, sandangan lan sanesipun, jalanan saking main keplek, kecek dadu lan aben sawung.

Kiai Ageng Kasan Besari mireng lan pirsan kawontenan ma

katen wau, sakelangkung prihatos lan sisah panggalihipun. Akhiripun lajeng nimbalii abdinipun Bagus Burham nami Onggoliyo, jalaran Bagus Burham awis-awis wantun kepanggih kalian Kiai Ageng Kasan Besari. Sareng sampun sowan Onggoliyo dipun dawuh: "Onggoliyo, bendaramu Bagus Burham kuwi becike dikon lunga bae saka pondok. Jalaraneweke mung tansah gawe rusake kanca-kancane nganti andadekake rusuhe pondok. Dina iki kudu lunga saka kene. Aku emoh kanggonan". Onggoliya lajeng ngaturi Bagus Burham bilih dinten punika ugi Bagus Burham kedah kesah saking Tegal-sari Mriki, jalaran Kiai Ageng sampun mboten purun kanggenan piyambakipun. Sanalika punika Bagus Burham kaget lan sisah manahipun, bade wangslu dateng Sala ajrih menawi dipun dukani ingkang rama. Kepanggihing nalar, abdinipun dipun ajak kesah nuju ngaler leres dateng kita Mediuun. Wonten kita Medium Bagus Burham lajeng sadean palen perlu kangge nyekapi neda saben dintenipun. Angsal-angsa lipun bebaten radi lumayan, jalaran mendetipun namung sa-kedik, mila katah ingkang tumbas.

Satunggiling dinten, putra putrinipun bupati Medium ingkang asma den Ajeng Gombak dipun utus ibunipun dateng peken perlu blanja. Sareng sumerep tiyang sadean palen, mampir bade pados sesupe, nanging mboten wonten ingkang dipun remeni. Dumadakan Raden Ajeng Gombak priksa sesupe ingkang dipun angge dening tiyang sadean palen, wonten drijinipun. Rehning penggalihipun rumaos remen dateng sesupe wau, lajeng pitaken dateng ingkang sadean: "Pak, sesupe ingkang sampeyan angge niku punapa inggih sampeyan sade ?" Wongsulanipun: "Menawi Den Ajeng ngersakaken sesupe ingkang kula angge punika, kula inggih nyumanggak-aken". R.Aj. Gombak ngandika: "La cobi kula ningali". Sesupe dipun copot kaaturaken. Sasampunipun katampi dipun pirsani Den Ayu Gombak saya remen, lajeng ngandika: "Reginipun pinten ?" "Reginipun sakersa panjenengan." R.Ay. Gombak ngawis: "Upami kula tumbas enim gobang kados pundi ?". Tiyang sade palen: "Sumangga kemawon." Sesupe dipun jatrani terus kabekta kondur. Onggoliyo sumerep lajeng matur: "Den Bagus, kados pundi sesupe sae kados ngaten kok dipun sade rugi mirah, mangke wonten punapa punapa". Bagus Burhan mangsuli: "Onggoliyo, aku didawuh Eyang, yen ali-ali kuwi dijaluk wong wadon, aja maneh dituku, najan dijaluka pisan, didawuh menehake." Onggoliyo mireng kalian gumujeng: "Inggih, inggih kula sam

pun mangertos ingkang dipun kersakaken, nanging menawi wonten punapa-punapa masa bodoha lo".

"Iya, kowe ora oleh melu-melu."

Sadatengipun R.Ay. Gombak ing ndalem, matur dateng I-bunipun kalian gita-gita saking senengipun: "Bu, bu, kula tumbas sesupe sae sanget lan mirah."

Ibunipun: "Jajale, kaya apa rupane, aku kepengin weruh". Sareng ibunipun priksa kaget sanget, dene sesupe wawrat 10 gram tur emasipun sepuh kok namung dipun tumbas enem gobang. Sesupe lajeng dipun aturaken ingkang rama, inggih punika Bupati Medium. Ingkang rama Den Ayu Gombak mriksani sesupe lajeng kaget sarta gumun, dene sesupe punika sanes damelan dusun, nanging damelan saking kraton Sala. Bupati Medium inggih taksih kalebet darah saking kraton Sala, dados mangertos bab sesupe wau.

Bupati Medium nimbali ingkang putra Den Ayu Gombak: "Gen duk, kowe tuku ali-ali iki menyang sapa ?"

Den Ayu Gombak matur: "Anggen kula tumbas dateng tiyang sade palen wonten peken, reginipun enem gobang".

Sanalika Ingkang Bupati nimbali upas, lajeng ngendika: "Pak upas, jajal wong dodol palen sing ana pasar sing ditukoni ali-ali bendaramu Den Ayu Gombak timbalana mrene, kareben dieterake Den Ayu Gombak, lan nuduhake saka kadohan."

Pak upas lajeng bidal nderekaken Den Ayu Gombak dateng peken. Pak upas terus njujug dateng tiyan-tiyang ingkang sade palen ingkang sampun katedahaken Den Ayu Gombak: "Pak, punapa sampeyan ingkang sade sesupe dateng lare estri kanti regi enem gobang?"

Wangsulanipun: "Inggih, kula ingkang sade".

Pak upas wicanten malih: "Sapunika ugi sampeyan dipun timbali bandara Bupati dateng kabupaten sareng kalian lampah kula." Bagus Burham kaget sanget lajeng taken: "Wonten punapa pak upas, kula katimbalan daten kabupaten." Pak upas: "Kirang priksa kula mboten mangertos, namung dawuhipun sampeyan katimbalan dateng kabupaten kalian kula." Onggoliyo nyambeti: "Den Burham, samangke sampeyan sumerep piyambak; Mila sampun gampil-gampil sade ali-ali regi mirah dateng tiyang estri." Ing mbatos Onggoliyo gemujengan: "Sampun, sampeyan bidal, dagangan kula tenggane." Sapengkeripun Bagus Burham, para tiyang secelakipun ngriku sami taken dateng Onggoliyo:

"Wonten punapa pak, kok rencange wau dipun irid upas dateng kabupaten ?" Onggoliyo mangsuli: "Kula inggih mbc

ten ngertos, kok ujug-ujug diirid upas dateng kabupaten."

Sasampunipun Bagus Burham dumugi kabupaten ingkang Bupati lajeng ndangu: "Kowe boçah saka ngendi lan jenengmu sapa ?"

"Kula santri Tegalsari, dene asal kula saking Sala, kula wonten Medium ngriki pados sangu, nami kula Burham." Ingkang Bupati ndangu malih: "Kowe bocah Sala, putrane sapa". Bagus Burham matur prasaja: "Kula putranipun Tumenggung Cokronegoro". Ingkang bupati kaget lajeng ngen dika: "Bapakmu iku karo aku isih sedulur sing cedak banget ka pernah misanan; Dadi kowe iku keponakanku dewe. Lha iki kowe kok adol ali-ali kelawan rega murah banget iki kepriye ?" Bagus Burham matur prasaja: "Punika kula namung ngemban dawuhipun Eyang, menawi sesupe wau dipun re meni dening wanita, supados dipun paringaken."

Ingkang Bupati ngandika kaliyan gedek-gedek: "Iya, iya". "Aku wis mengerti apa sing dikersakake Eyangmu, la ya ke beneran banget dene sing nuku sedulurmu dewe. Panci wis kersane Gusti Allah, ya kudu ngono kuwi, lan aku pitung di na engkas arep menyang Sala, arep pasamuan agung; Apa kowe nderek ?" Bagus Eurham matur: Mboten, kula mboten nderek Bagus Burham lajeng pamet, wangslul dateng peken malih. Ingkang Bupati ngandika: "Yen ngono taklilani lan tutugna apa sing dadi sediamu. Muga-muga Gusti Allah ngabulake." Bagus Burham matur: "Matur nuwun lan nyuwun tambahing pengestu". lajeng terus dateng peken malih.

Sadatengipun ing peken, Bagus Burham wicanten dateng Onggo liyo: " Pak Onggo, dina iki apike olehe dodol palen dibu barake bae, jalaran dina iki aku wis konangan karo paman Bupati Medium kene lan aku kudu ngreksa asmane pamanku". Onggoliyo matur: "Pados pangupajiwa punapa ta den saenipun ?" Bagus Burham ngandika: "Saiki golek iwak ana kali wae; Dene oleh-olehane iwak mengko didol." . Onggoliyo matur: "Keleresan yen ngaten, den, mangga sami bidal." Tiyang kalih sami bidal nuju dateng dusun Caruban kaleres sakler-wetanipun Medium.

Sabibaripun Bagus Burham nilaraken dusun Tegalsari, ing ngriku wonten goro-goro, katah tiyang sami sakit lan page-bluk, katah tiyang sami pejah. Lan menawi enjing bagal rahaha, mboten wonten sabawanipun sawung keluruk, jangkrik ngerik, kutu-kutu walang ngatogo sami sidem premanem. Wontenipun sarwa atis nyenyet, kekajengan sami temelung. Makaten wau jalaran para santri katah ingkang sami wangslul dateng papan padununganipun piyambak-piyambak.

Kiai Ageng Kasan Besari sakelangkung sisah lan prihatos . Salebetipun menggalih kagungan pangandika: "Apa sebabe de ne Tegalsari ana kedadeyan sing kaya mengkene iki ? Ora ana liya sebabe sangka lungane Bagus Burham. Mbokmenawa iki sing dadi sebabe, becike Bagus Burham takkone bali wae." Kiai Ageng Kasanbesari lajeng nimbali ingkang nami Kromoleyo, lajeng kadawuhan makaten: "Dina iki kowe tak kongkon nggoleki Bagus Burhan menyang ngendi parane. Yen wis ketemu ajaken bali mrene . Jalaran aku nundung dewe-ke iku salah. Pancene mono kudu taketerake menyang Sala, takpasrahake marang wong tuwane. Awitewe ana kene i-ki mula bukane dipasrahake dening wong tuwane. Dene yen ana ilange aku mesti dituduh."

Kromoleyo sanalika terus bidal, ing margi lajeng mi-kir-mikir, lha aku diutus wong ora karuhan panggonane lan ora pinaringan sangu babar pisan, banjur kepriye reka dayaku ? Iya, jajal aku saiki takngalor kene wae. Kromoleyo lampahipun kenceng mengaler. Sareng sampun celak kita Ponorogo, ing ngriku sumerep wonten tiyang bade nyepeng sima. Kromoleyo lajeng tumut, saestu sima saged kacepeng terus dipun purak. Kromoleyo saged pikantuk endasipun sima, lajeng kabeset walulangipun perlu kange mbarong langge sangu madosi Bagus Burham. Mila dusun wau katelah nami Siman, angsal saking sima hingga sapriki. Lampahipun Kromoleyo terus mengaler turut margi kasambi mbarang ngantos dumugi kita Medium. Sareng wonten alun-alun Medium, Kromoleyo jogedan kanti tudung wacual endas sima. Katah tiyang ingkang sami nungali langkung2 la-re-lare katah sanget ngantos.dados ramenipun alun-alun.

Kacarios, sareng Bagus Burhan lan Onggoleyo wang sul sa king pados ulam nglangkungi alun-alun wonten rame-rame, sareng dipun celaki jebul kanca piyambak, inggih punika Kromoleyo, kanca wonten pondok Tegalsari.

Mboten saronto Onggoleyo lajeng tumut joget pisan dados pentulipun. Ing ngriku tiyang kekalih sami jogetan ngleter. Kromoleyo sareng sumerep bilih ingkang ngrencangi jo get Onggoleyo lajeng nyablek kanti pitaken: "Lha kok kowe kang Onggo, ndaramu ana ngendi ?" Wangsularipun Onggoleyo: "Wis, ora susah takon den Bagus, ayo diterusake o-lehe jejogetan bae disik, gampang mengko bage-binage. Anggenipun mbarang tiyang kalih dipun terusaken. Sareng sampun bibar lajeng sami bage-binage kawilujengani pun. Kromoleyo taken, den Bagus Burham ana ngendi. Onggoleyo mangsuli: "Ana mesjid gede kae; ayo pada diparani."

Sareng Kromoleyo dateng ing mesjid kepanggih kalian Bagus Burham, Kromoleyo matur: "Den Bagus Burham, kula dipun utus kalian Kiai Kasan Besari, panjenengan dinten samangke dipun timbali supados wangsul dateng Tegalsari."

Bagus Burham ngendika: "Ana apa to-Kromoleyo, wong aku wis ditundung saka Tegalsari. Mengko aku sowan gek didukani." Kromoleyo matur: "Menawi mangke dipun dukani, kula ingkang nanggel." Bagus Burham kaderekaken Onggoleyo lan Kromole yo bidal dateng Tegalsari.. Dumugi Tegalsari Bagus Burhan sowan Kiai Ageng Kasan Besari. Kiai Ageng Kasan Besari la jeng ngendika: "Bagus Burham, anane kowe taktimbali bali, arep takantep, kowe manut aku apa ora; Yen ora manut, kowe taketerake bali menyang Sala. Arep dakpasrahake wong tuwanu." "Kula namung nderek sakersanipun Kiai. Dinten punika kula sampun tobat, mboten pisan-pisan nglampahi kados ingkang sampun-sampun.

Kiai Ageng Kasan Besari ngéñika: "Yen mengkono, wiwit dina iki kowe kudu ngla' koni pasa 40 dina. Dene bukamu, kae ana gedang kulon pondok. Sedina mung kudu buka gedang sauler." Bagus Burham ngaturi wangsulan: "Inggih sendika." Lajeng madosi gedang ingkang dipun ngendikakaken Kiai Ageng. Sareng sampun nyata pisang wau sampun sepuh satudun katahipun wonten 40 eler. Salajengipun Bagus Burham lajeng tapa melek wonten lepen Jengking. Wondene caranipun makaten: Deling salonjor dipun alangaken wonten nginggil lepen lajeng tiyang kalih Bagus Burhan kaliyan Onggoliyo sami lenggah wonten deling wau ngantos sedalu muput. Menawi ngantuk temtu lajeng dawah dateng lepen. Mongko toyaniipun lebet tuwin santer ilinipun. Dados menawi dawah inggih telles klebus lan nglangi minggah. Sareng sampun pikantuk 40 dinten, Bagus Burham ngendika datteng abdinipun: "Pak Onggo, sesuk kuwi wis wayahé buka (bruwah) becike mengko bengi wah jam 2 kowe ngliweta sing akeh perlu kanggo sarapan." Wanci jam 2 dalu, Onggoliyo saestu ngliwet. Sareng liwet ba de kasilep, wonten clorot-clorot saking kilen kados ndaru (pulung) mlebet dateng kendil. Kendil lajeng terus katutup, gandanipun amrik lan arum sanget.

Sareng sampun jam 4 enjing, Bagus Burham lajeng ngendika "Onggoliyo, iki wis ba ngun, apike liwete dikeduk." Tiyang kalih sami nyelaki liwet. Sareng kendil kabikak, salebeting kendil wonten ulam bader ingkang gandanipun arum wangi. Onggoliyo matur: "Punika kok wonten ulam bader ing salebeting kendil. Dawah kaleresan, panci mboten gadah lawuh, angsal lawuh. Yen ngaten kula nyuwun endasipun kema-

won." Bagus Burham ngendika: "Iya, aku awake." Tiyang kekalih sami neda ngantos sekul sakendil telas, dasar ulamipun bader pisan. Sareng sampun jam 4.30 enjing kentongan mesjid sarta bedugipun katabuh, tengara menawi sampun manjing subuh, Bagus Burham lan Onggoliyo sami dateng mesjid. Bagus Burham ngandika: "Onggoliyo, aku kok ngerti karepe jangkrik ngerik kuwi." Onggoliyo matur: "Kula inggih ngertos, Den." Bagus Burham nyambeti malih: "Ke priye karepe ?" Onggoliyo matur: "Punika jangkrik bingah jalaran bojonipun tiga pisan sami nglempak. Cobi kula aturi mirsani." Sareng jangkrik dipun pirsani, nyata menawi bojonipun tiga kempal. Tiyang kekalih sami gumujeng, terus dateng mejid jamaah solat subuh.

Sareng Kiai Ageng Kasan Besari wekdal enjing ngaos, Bagus Burham lan Onggoliyo tumut ngaos. Sareng jam 9 enjing Kiai Ageng Kasan Besari kapinujon wonten serambi mejid kaadep para santri katah, ing ngriku wonten satunggaling peksi gagak mungel wonten mustoko mesjid. Kiai Ageng Kasan Besari lajeng ngendika: "Gus Burham, iki ana gagak mu ni gaok-gaok iku ana apa ?" Bagus Burham matur: "Kiai, gagak punika ngeluhaken dateng anakipun kalih ingkang tak sih sami indil babtedanipun. Awit dinten sapunika awis te da. Dene panggenanipun wonten wit cangkring redi Clumpring Pacitan." Kiai Ageng Besari gumun sanget, lajeng ngendika: "Apa iya tenan kandamu kuwi ?" Bagus Burham matur: "Mangke menawi kula dora, jongga kula supados dipun potong kemawon." Kiai Ageng ngendika: "Yen ngono, Burham saiki nyatakna dakkanteni santri loro minangka seksi."

Tiyang tiga sami bidal dateng Clumpring Pacitan, nyata bilih gagak punika nyusuh wonten ngriku, lajeng kaunduh kabekta wangsul, kaaturaken dateng Kiai Ageng Kasan Besari. Sareng Kiai Ageng Kasan Besari pirsa, tambah kapercadosipun lajeng Bagus Burham kawejang dening Kiai Ageng piyambak. Antawisipun 2 tahun wonten Tegalsari, Bagus Burham lajeng dipun eteraken daten Sala. Dene ingkang nderekaken Onggoliyo lan Kromoliyo. Sareng dumugi Sala lajeng dipun pasrahaken dateng ramanipun Tumenggung Cokronegoro, lajeng ngawontenaken pahargyan. Sareng watawis 3 dinten Kiai Ageng Kasan Besari kondur dateng Tegalsari.

Sapengkeripun Kiai Ageng Kasan Besari, bupati Medium kaliyan putranipun Den Ayu Gombak dateng Sala perlu ndaupaken Bagus Burham kalian Den Ayu Gombak. Salajengipun Bagus Burham kasuwitakaken dateng Ingkang Sinuhun.

Salebetipun pasuwitan, Bagus Burham katingal kasa gedanipunbab punapa kemawon ingkang akhiripun dados keka sihipun Ingkang Sinuhun Sala.

Menawi wonten ruwet rentengipun praja, Bagus Burham ingkang ka-ajak pertimbangan; Awit wonten saklebet tuwin saknjawining kraton, menawi wonten punapa-punapa, Bagus Buham ingkang tinanggalan mandegani saliring kawontenan, murih tata tentreming praja.

Akhiripun Bagus Burham dipun dadosaken pujangga kraton kanti kaparingan asma R.Ng. Ronggowarsito. Ingkang salajengipun asmanipun kesuwur saindenging tanah Jawi.

----- T A M A T -----

SALA-SILAH WIWIT SAKING N. MOHAMMAD
LAN WIWIT SAKING PRABU BRAWIJAYA
INGKANG TUMURUN DATENG
KIAI AGENG MOHAMMAD BESARI
TEGALSARI JETIS PONOROGO

Siti Fatimah	R. Samandakir	Prabu Brawijaya Hajupulit
Raginda Kusen	R. Alidakir	Ratu Jeneng Kediri
Zainal Abidin	R. Japar Sidik	Pangeran Terang
R. Alap - Alap	Syeh Jumadil Qubra	Kiai Ageng Mursyid Takun Keliri
R. Zumusuh	Maulana Ibrahim	Kiai Anom Besari Kuncen Caruban
R. Abd. Shodiq	R. Rachmad	
R. Munaris	R. Satmata K. Ngarobi	
R. Samangun	Kiai Anom Besari	
	Kiai Anom Besari	
Kiai Chotib Anom Kalangbret T. Agung	Kiai Mohammad Besari Tegalsari Ponorogo	Kiai Nur Shodiq Tegalsari Ponorogo

KIAI AGENG MOHAMMAD BESARI
TEGALSARI - PONOROGO

peputra

- | | | |
|-----------------------|--------------------|----------------------------|
| I. Nyai Abdulrachman. | IV. Nyai Buchori. | VII. Kiai Ilyas. |
| II. Kiai Yakub. | V. Kiai Iskak. | VIII. Nyai M.bin Umar |
| III. Kiai Ismail. | VI. Kiai Chalifah, | IX. Kiai Zainal
Abidin. |

I. KIAI ABDULRACHMAN

peputra:

- | | |
|------------------------------------|---------------------------------------|
| 1. Kiai Amat Kason Male. | 2. Nyai Misbach
Taman Arum Madiun. |
| 3. Kiai Ngazur, Madiun. | 4. Kiai Zamzami, Dagangan. |
| 5. Kiai Mohammad Bakir, Tegalsari. | 6. Kiai Yahuda, Magetan. |
| 7. Kiai Mujaet, Tegalsari. | |

II. KIAI YAKUB

peputra:

Garwa ke: 1

- | |
|----------------------------|
| 1. Kiai Achmad, Banjarsari |
| 2. Kiai Mursid Pintu. |

Garwa ke: 2

- | |
|--|
| 1. Ny. Adkiya, Polaman;
Kediri. |
| 2. Nyai Aruman, Prambon,
Dagangan. |
| 3. Ny. Mukmin, Sagaten. |
| 4. Ny.. Nawawi, Talangrejo,
Uteran. |

III. KIAI ISMAIL

peputra:

- | | |
|------------------------------|-----------------------------|
| 1. Kiai Imam Ngali, Jagatan. | 2. Kiai Mukibat, Tegalsari. |
| 3. Kiai Rukani. | |

VI. NY. BUCHORI
peputra:

1. Ny. Munodo, Sareng Uteran.
2. Kiai Yusuf, Tegalsari.
3. Ny. Mujahid, Tegalsari.
2. Ny. Nawawiyah,
4. Ny. Mohammad, Tegalsari.

V. KIAI ISKAK

Ceper.
peputra:

Garwa ke: 1.

1. Ny. Asfiah, Ceper.
2. Ny. Adrongi, Ceper.
3. Ny. Aspiya, Ceper.
4. Ny. Yusup, Ceper.
5. Kiai Kusen, Ceper.
6. Kiai Moch. Toyib, Joresan.
7. Ny. Moh. Jalen, Josenan.
8. Kiai Hisam, Ceper.
9. Kiai Ibrahim, Ceper.
10. Kiai Palang Kastuba.

Garwa ke: 2

1. Ny. Ismail, Tegalsari.
2. Ny. Motoliyah, Tegalsari.
3. Kiai Abdurrahman.
4. Kiai Marsonojo, Ceper.

VI. KIAI CHOLIFAH

peputra:

1. Nyai Zamzani, Dagangan.
3. Nyai Bunyamin, Demangan.
5. Kiai Askiram, Malo Pon orogo.
7. Kiai Imam Tabri.
2. Kiai Moch. Tarum, Jabung.
4. Nyai Jamal, Gontor Ponorogo.
6. Kiai Imam Syuhaweh,

VII. KIAI ILYAS

peputra:

Garwa ke: 1.

1. Kiai Kasan Yahya.
2. Kangjeng Kiai Kasan Besari
3. Kiai Sueb, Tegalsari.
4. Nyai Askirah, Malo.
5. Nyai Zainal Arif, Tegalsari.

Garwa ke: 3.

1. Nyai Imam Subaweh.

Garwa ke: 2

1. Kiai Mangat Zainal Abidi.
2. Kiai Sihabudin Gentong,
3. Nyai Mukibat^{Jogorogo.}
4. Kiai Katimul Kasan, Sawo.
5. Kiai Sastraigmaja, Patih Pacitan.

VIII. KIAI MOCH. bin UMAR

Banjarsari

peputra:

1. Nyai Mohammad.
2. Kiai Ali Imron.
3. Kiai Baedowi, Magetan.
4. Kiai H. Moch. Besari
5. Kiai Moch. Fakih.
6. Nyai Nawawi, Tawangrejo, Uteras
7. Kiai Bilawi Dondong, Kebonsari.
8. Nyai Maolani, Banjarsari.

IX. KIAI ZAINAL ABIDIN

Selangur

peputra:

1. Kiai Moch. Muhyi.
Raja Slangur Malaya.

- 2, Nyai Ngaisah,
Sultam Johor, Malaya.

KIAI AGENG KASAN BEJARI

Garwa: 7
peputra: 17

Garwa ke: 1

1. Brgud Kasan Anom.
2. Kiai Idris Satoto.
3. Nyai Birseniti, Surakarta.

Garwa ke: 2

1. Ny. Yosupura, Gontor.

Garwa ke: 2

1. Imam Besari, Tegalsari.
2. Nedo Besari, Tegalsari.

Garwa ke: 3

Pitri Sala

1. R.M. Kartopura, Wedono Maospati,
2. R.Ny. Kasanrefangi, Karanggebang.
3. R.Ny. Martorejo, Seper.
4. R.M. Adipati Cokronegoro,
Bupati Ponorogo.
5. R.M. Bawadi, seda taksih timur.
6. R.Ny. Andawiyah, al. Salamah.

Garwa ke: 4

1. H. Tirta Dewati, Kediri.

Garwa ke: 5

Pitri Sala

1. H. Hasan Khalifah, Tegalsari.
2. R. Wongso dipura, Singkil.
3. H. Kartosari, Tegalsari.

Garwa ke: 7

Saking Jogjakarta

1. mboten peputra.

Atur wuninga,

Dumateng Panitiya Chaol Banu K.A. Mohammad Besari lan langkung-langkung sdr. R. Mohammad Azhar, kersaha paring pangapunten, dene kula kelajeng nyantun buku "Sejarah lan Silsilah Kiai Ageng Mohammad Besari", hasil himpunanipun.

Ingkang makaten punika jalaran kawontenan mboten ngizinaken ngupados upaya samesipun.

Kawitanipun inggah punika rikala kula ziarah dateng makam-makam leluhur ing daerah Medium ingkang akhiripun dumugi makam Kebonsari. Sasampunipun sholat dhuhur ingkang dipun imami sdr. Abdul Choliq, sawatawis para makmum taksih sami lenggahan wonten serambi mesjid. Ingkang makaten punika kaleresan sanget jalaran kula saged nimbrung nyuwun pirsa, sinten-sinten kewawon ingkang sumare wonten makam wingking mesjid punika, kejawi Eyang Kiai Mohammad Aluwi ingkang kula ziarahi ?

Ing ngriku kula pikantuk keterangan katah-katah sambet-sinambetipun leluhur kita, ingkang akhiripun bersumber saking Kiai Ageng Mohammad Besari, Tegalsari Ponorogo.

Lajengipun salah satunggalingsaderek bade suka kintun buku silsilah ingkang kasimpen sampun sawatawis tahun laminipun.

Buku kula tampi rikala kula sampun wangslul ing Jakarta (kakin-tun langkung pos) lan mboten sanes inggih ingkang kahimpun sdr. R. Mohammad Azhar. Namung kawuninganana, buku ingkang wujud stensilan sampun mboten saged enggal-enggal kawaos, jalaran aksara-aksarani-pun sampun remeng-remeng lan dlancangipun sampun sami meprel.

Ngengeti bilih: "buku sejarah lan solo-silah punika kenging kangege ular-ular pangartosan wontenipun sejarah lan solo-silahipun Eyang Kiai Ageng Mohammad Besari lan saged kangege pengetan putra wahyah ing bejingipun lan kapendet manf'atipun kanti ka'amalaken ingkang samestinipun", mboten saranta buku kanti ngatos-atos iajeng kula turun lan ketik kados aslinipun langsung ngangge ejaan enggal.

Makaten menggahing kedadosanipun lan semanten atur kula,

R. H. Purnomo

Jakarta, 10 Nopember 1989.

Bade dipun sambet silsilah keturunanipun:
Kiai Mohammad bin Umar, Banjarsari.

Mugi-mugi kaparengaken.

SEJARAH LAN SILSILAH
XIAI AGENG MOHAMMAD BESARI
TEGALSARI JETIS
PONOROGO

WAفات TABUN 1747

10

P
E
B
R
U
A
R
I

1968

12

D
U
L
K
A
I
D
A
H

1387



KAWEDALAKEN DISENG
PANITIYA CHAOL BANU K.A. MOHAMMAD BESARI

TEGALSARI JETIS

PONOROGO

Dilarang mengutip